



Pou Piblikasyon Imedya: 29/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AVI SANTE SOU KALITE LÈ NAN TOUT ETA A KI PRAL RETE ANVIGÈ JISKA VANDREDI**

*Avi Sante sou Kalite Lè a pibliye pou demen, 30 jen*

*Y ap itilize alèt telefòn selilè ijans yo pou avèti Nouyòkè yo si Endis Kalite Lè a depase limit 200 pou lè 'Trè Malsen'; gen egzanp alèt potansyèl ki disponib [isit la](#)*

*Plizyè santèn milye mas nan modèl N95 yo pral kontinye disponib pou piblik la nan tout eta a*

*Otorite transpò piblik yo atravè eta a ap kontinye itilize sistèm adrès piblik yo, siyalizasyon otobis yo, rezo sosyal yo ak lòt siyalizasyon elektwonik pou bay kliyan yo enfòmasyon sekirite ki gen rapò ak kalite lè a*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a avi sante sou kalite lè a pral rete anvigè jiska vandredi 30 jen, piske kalite lè a nan Eta New York kontinye gen ensandi ki soti Kanada yo ki afekte li. Ajans yo nan eta a ak otorite yo kontinye kowòdone siveyans kalite lè a, sansibilizasyon piblik ak edikasyon, distribisyon mask ak lòt efò pou anpeche oswa limite ekspozisyon a gwo nivo polisyon lè lafimen lakòz atravè New York. Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) ap siveye depre kalite lè a pou detekte enpak ensandi ki soti nan forè Kanada yo epi pral pibliye yon Avi Sante sou Kalite Lè a pou demen. Gen yon Avi Sante sou Kalite Lè a ki anvigè kounye a, kote nivo polisyon ti patikil yo 'Malsen' ak 'Malsen pou Gwoup Sansib' nan rejyon yo nan tout eta a. Nan kòmansman jounen an, Gouvènè Hochul [te bay Nouyòkè yo mizajou](#) sou kalite lè a anvan wikenn fèt 4 jiyè a.

"Avèk lafimen nan nivo tè a ki pi vizib ak kalite lè a k ap kontinye rive nan nivo ki malsen nan anpil pati nan eta a, nou ankouraje Nouyòkè yo pran prekosyon pou pwoteje sante yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "N ap kontinye kenbe kominote nou yo enfòm sou mezi moun yo ka pran pou rete an sekirite deyò epi adapte yo amezi previzyon yo kontinye evolye".

Vandredi 29 jen, lafimen ta dwe rete nan Eta New York pandan pifò jounen an. Gwo presyon pral ranfòse sou kòt Nouvèl Angletè ak sikilasyon nan direksyon zegwi yon

mont pral montre van ki soti nan sid, sa ki ta dwe kòmanse pouse lafimen tounen nan nò nan direksyon Kanada. Anpil lafimen rete sou Vale Ohio ak rejyon Mi-Atlantik yo, epi pandan ke nivo polisyon patikil yo ta dwe amelyore yon ti kras, Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta a prevwa nivo polisyon ki wo nan tout eta a pou pifò jounen an. Kounye a, modèl previzyon lafimen ki pi long yo montre degajman konstan ak difizyon soti nan sid rive nan nò atravè Eta New York pou rive samdi maten.

Yo prevwa kalite lè a ta dwe rive nan nivo Endis Kalite lè (Air Quality Index, AQI) 'Malsen' nan vandredi pou Lwès ak Sant New York ak rejyon Lès Lak Ontario yo. Nan nivo sa a, tout moun ka kòmanse santi efè sou sante, manm gwoup ki sansib yo ka santi efè sou sante ki pi grav. Yo prevwa kalite lè a ap atenn nivo AQI 'Malsen pou Gwoup Sansib' yo nan vandredi nan rèz rejyon yo nan eta a. Nan nivo sa a, manm gwoup ki sansib yo ka santi efè sou sante. Piblik jeneral la gen mwens chans pou yo afekte. Pou w jwenn plis enfòmasyon, gade tablo a [isit la](#).

Lòt enfòmasyon sou previzyon yo pral disponib demen. Pandan nivo Endis sou Kalite Lè yo prevwa ap varye soti nan "Malsen pou Gwoup Sansib" rive "Malsen" pou tout moun pandan moman sa a, DEC ak DOH pibliye Avi Sante sou Kalite Lè ak direktiv ki koresponn yo ki baze sou previzyon 24 èdtan yo ak valè inèdtan yo ka depase valè previzyon nan rejyon sa yo, kote li posib pou gen lekti Malsen oswa Trè Malsen chak inèdtan.

Y ap itilize alèt telefòn selilè ijans yo pou avèti Nouyòkè yo si endis kalite lè a atenn oswa depase limit 200 pou lè 'Trè Malsen' epi li rete pou inèdtan oswa plis. Alèt yo pral transmèt pou chak konte depi nan Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis pou Ijans nan Eta a atravè sistèm Alèt Ijans San Fil la. Gen yon egzantp alèt potansyèl ki disponib [isit la](#).

Ale sou [dec.ny.gov](http://dec.ny.gov) pou jwenn [previzyon ki ajou](#) ak enfòmasyon sou [nivo endis kalite lè](#), ak [www.health.ny.gov](http://www.health.ny.gov) pou enfòmasyon sou [risk sante ak prekosyon](#) ki gen rapò ak kalite lè a. Remake tou ke selebrasyon fedatifis Jou Endepandans yo nan bonè ka kontribye nan patikil ak lafimen pou kreye kondisyon tanporè ki wo lokalman epi ka obsève atravè aparèy pou siveye lè a.

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare,** "Meteyowològ ekspè DEC yo evalye seryezman yon pakèt faktè pou prevwa kalite lè a, ki gen ladan tandans done yo, presipitasyon, vitès ak direksyon van ak previzyon modèl lafimen. N ap kontinye kenbe sante ak sekirite piblik la kòm priyorite pandan n ap kontinye siveye ak anpil atansyon evènman sou kalite lè a pou asire Nouyòkè yo gen enfòmasyon yo bezwen pou pwoteje tèt yo ak fanmi yo".

**Komisyonè Depatman Sante Eta New York, Doktè McDonald, te deklare,** "Kòm nou ka wè ak pran sant nan pifò nan eta a, kalite lè atravè gwo pati nan New York kounye a malsen. Moun ki espesyalman sansib fas ak efè nivo elve polyan yo, ki gen ladan timoun piti ak moun ki te gen pwoblèm respiratwa ki deja egziste tankou maladi kè oswa

opresyon, ta dwe evite pase tan deyò, si sa posib, nan zòn kote AQI a depase 100. Si ou dwe ale deyò nan zòn ki gen lè ki malsen oswa ki pi mal, konsidere mete yon mask N95. Moun ki gen sentòm oswa ki gen sentòm ki vin pi grav ta dwe konsidere konsilte founisè swen sante yo".

**Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la, Jackie Bray, te deklare,** "N ap siveye kalite lè nan tout Eta a. Nouyòkè yo ta dwe rete vijilan nan fen semèn fèt la. Konnen risk ou epi konnen kalite lè w epi prepare w pou ajiste plan w yo si sa nesèsè".

Anba direksyon Gouvènè a, yo te distribiye plis pase 1 milyon mask N95 bon kalite nan mwa sa a pou ede rezoud enpak sou kalite lè a.

Nan Vil New York semèn sa a, Otorite Transpò Metwopoliten, Otorite Pòtyè ak Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik la ap distribiye mask bay vwayajè yo nan gwo sant transpò piblik yo ak pak eta yo.

Andeyò Vil New York, Eta a ap mete plizyè santèn milye mask adisyonèl disponib nan depo rejyonal li yo pou manadjè ijans konte yo pou plis distribisyon bay piblik la.

Mask yo disponib nan kote sa yo:

- Grand Central Terminal
- Penn Station
- Fulton Center
- Jamaica Station
- Antre Prensipal nan Tèminal Otobis Otorite Pòtyè a, South Wing
- Atlantic Avenue, Brooklyn
- Grand Concourse, Bronx
- Pak Eta Shirley Chisholm
- Rezèv Pak Eta Clay Pit Ponds
- Pak Eta Riverbank Denny Farrell la
- Pak Eta Roberto Clemente

Otorite transpò piblik yo atravè eta a ap itilize sistèm adrès piblik yo, siyalizasyon otobis yo, rezo sosyal yo ak lòt siyalizasyon elektwonik pou bay kliyan yo enfòmasyon sekirite ki gen rapò ak kalite lè a dirèkteman, tankou:

- Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA)
- NassauTRANSIT
- Bee-Line nan Konte Westchester
- Broome County Transit
- Otorite Transpò Distri Kapital la
- Otorite Transpò Rejyonal New York Santral
- Otorite Transpò Rejyonal Rochester Genesee
- Otorite Transpò Niagara Frontier

- Tompkins Consolidated Area Transit

Depatman Sante Eta New York ap konseye pran prekosyon jan sa nesesè. Etap pou moun yo pran pou diminye risk yo, enkli:

- Lè AQI a pi wo pase 100 ('Malsen pou Gwoup Sansib yo'), Nouyòkè ki nan gwoup vilnerab yo ta dwe evite inisyativ deyò epi siveye sentòm yo lè yo ekspoze ak aktivite deyò yo. Moun ki vilnerab yo enkli moun ki gen maladi kadyovaskilè (egzanp, ensifizans kadyak konjestif, istwa atak kadyak anvan) oswa maladi nan poumon (egzanp, opresyon, maladi nan poumon obstriktif kwonik), osi byen ke timoun ki poko gen 18 ane, granmoun ki gen 65 ane ak plis ak fanm ansent.
- Lè AQI a pi wo pase 150 ('Malsen'), tout Nouyòkè yo ta dwe evite aktivite entans deyò yo, epi moun ki nan gwoup vilnerab yo ta dwe evite ekspoze a aktivite deyò yo, espesyalman fanm ansent yo ki ka pi fasil vin gen difikilte pou respire. Anplis de sa, gen kèk anplwaye ki vilnerab ki ta dwe travay anndan epi direktè kan yo ta dwe konnen previzyon lokal AQI yo a ak nivo alèt la epi swiv direktiv AQI a.
- Lè AQI a pi wo pase 200 ('Trè Malsen'), gwoup vilnerab yo ta dwe evite tout aktivite fizik deyò epi repwograme aktivite yo oswa fè yo anndan. Tout lòt moun yo dwe evite aktivite deyò ki long oswa entans.
- Lè AQI a pi wo pase 300 ('Danjere'), tout Nouyòkè yo ta dwe evite aktivite fizik deyò yo.
- Pou moun ki pase tan deyò, lè kalite lè a pa bon pou lasante, yo rekòmande mete yon mask ki byen adapte. Yon N95 oswa KN95 ap fonksyone pi byen.

Gen plis enfòmasyon sou previzyon Kalite Lè Eta New York la ki disponib isit la. Pou w verifye kalite lè aktyèl lokal ou a, ale sou [www.airnow.gov](http://www.airnow.gov).

Gouvènè Hochul te anonse yè ke yo te deplwaye uit nan Gad Forè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral la nan Kebèk pou apeprè de semèn pou ede nan efò pou restrenn ensandi forè k ap kontinye yo. Nan kòmansman semèn sa a, [Gouvènè Hochul te resevwa](#) uit Gad Forè ki te deplwaye nan Nouvèl Ekòs ak Kebèk.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418